01

# KONSTITISYON TEAM CONNECTION

## KONSTITISYON TEAM CONNECTION

Deviz:

Yon Ekip • Yon Fanmi • Yon Vizyon

# PREAMBIL

## Preambil

Nou menm, manm Team Connection, deside adopte Konstitisyon sa a pou tabli prensip, règ ak estrikti ki pral gide lavi òganizasyon an. Nou kwè yon kominote solid bati sou respè, entegrite, konfyans, solidarite, kolaborasyon ak sèvis. Konstitisyon sa a la pou ankouraje bon gouvènans, transparans ak patisipasyon tout manm yo.

# ATIK 1: NON, NATI AK OBJEKTIF

Atik 1 – Non

Team Connection.

Atik 2 – Nati

Team Connection se yon kominote endepandan ki ankouraje devlopman pèsonèl, lidèchip, sèvis kominotè ak kolaborasyon.

Atik 3 – Objektif

- Devlope lidè.
- Ankouraje inite.
- Fòme manm yo.
- Sipòte kominote a.
- Kreye opòtinite pou kolaborasyon.

# ATIK 2: MANM YO

Kalite Manm

- Manm fondatè
- Manm aktif
- Manm onorè

Admisyon

Nenpòt moun ki dakò ak vizyon ak valè Team Connection ka mande pou vin manm.

# ATIK 3: DWA AK DEVWA

## Dwa

- Patisipe nan aktivite yo.
- Bay opinyon.
- Resevwa enfòmasyon.
- Pwopoze inisyativ.

## Devwa

- Respekte valè yo.
- Sipòte kominote a.
- Pwoteje repitasyon Team Connection.
- Kolabore ak lòt manm yo.

# ATIK 4: ESTRIKTI TEAM AN

***Team Connection*** fonksyone atravè:

- Fondatè
- Konsèy Administrasyon (si genyen)
- Komisyon oswa Komite
- Manm yo

Tout estrikti yo dwe travay nan lespri kolaborasyon ak transparans.

# ATIK 5: REYINYON

Reyinyon yo kapab fèt:

- Anliy
- An pèsòn
- Oswa an mòd ibrid

Desizyon yo dwe pran nan respè ak dyalòg.

# ATIK 6: DISIPLIN AK ETIK

***Chak manm dwe:***

- Aji ak entegrite.
- Evite konfli initil.
- Pa sal repitasyon **Team** an.
- Chèche rezoud pwoblèm yo nan dyalòg.

# ATIK 7: FINANS

Tout resous Team Connection dwe jere avèk:

- Transparans
- Responsablite
- Bon jan kontablite

# ATIK 8: AMANNMAN AK DISPOZISYON FINAL

Konstitisyon sa a kapab modifye apre konsiltasyon ak apwobasyon selon pwosedi òganizasyon an.
Li antre an aplikasyon depi dat adopsyon li.

***Team Connection***

Yon Ekip • Yon Fanmi • Yon Vizyon